



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO TE FÈ KADO PRÈSKE \$40 MILYON NAN FAZ 4 INISYATIV RETABLI KOMINOTE NEW YORK YO (RESTORE NY COMMUNITIES INITIATIVE)

75 Pwojè Te Resevwa Finansman pou Retounen Enèjize Anba Lavil yo epi Jenere Opòtinite Ekonomik

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke te yo te fè kado prèske \$40 milyon bay 75 minisipalite atravè Faz 4 nan Inisyativ Retabli Kominote New York yo. Retabli NY sipòte jefò revitalizasyon minisipal yo atravè eta a, sa ki ap ede retounen enèjize anba lavil yo epi jenere opòtinite ekonomik nan kominote yo soti depi nan Rejyon Lwès New York pou rive nan Long Island.

“Pwojè sa yo pral ede pote nouvo vitalite ak opòtinite pou kwasans nan kominote yo atravè New York nan transfòmasyon pwopriyete ki abandone yo epi nan fè investisman enfrastruktirè kle yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak finansman sa, nou ap ede konstwi ekonomi rejyonal ki pi djanm yo epi nou ap poze fondasyon pou yon New York ki pi pwospere pou tout moun.”

Gouvènè Cuomo te pwomilge Inisyativ Retabli Kominote New York yo nan Bidjè Eta FY16 lan epi li te chwazi Empire State Development pou kapab reyalize pwogram lan. Faz 4 la te lanse an Jwen 2016. Vil yo, komin yo ak vilaj yo tout te kalifye pou aplike pou sipò pou pwojè yo ki enkli demolisyon, dekonstwiksyon, reyamenajman, oswa rekonstwiksyon pwopriyete ki an sipli, ki vakan, ki abandone epi ki kondane yo.

“Nan prezève eritaj kiltirèl ak karaktè istorik anba lavil nou yo, Gouvènè Cuomo ap pote nouvo lavi nan ansyen entitisyon yo, epi li ap poze fondasyon pou opòtinite ak siksè ekonomik fiti yo,” **se sa Gouvènè Adjwen lan Hochul te deklare pandan yon prezantasyon jodi a nan teyat Hollywood Theater ki nan Gowanda, ki se yonn nan benefisyè prim yo.**

Howard Zemsky, ki se Prezidan, CEO & Komisè Empire State Development, te deklare, “Inisyativ Retabli Kominote New York yo li revitalize sant ibèn yo epi li se yon pa annavan enpòtan pou atire abitan ak biznis pou vin rekonstwi vwazinaj ki mal desèvi yo.”

Pwojè ki priyore nan chak rejyon yo detaye anba la epi gen yon lis konplè pwojè ki ap resevwa finansman yo ki disponib [isit la](#).

Rejyon Kapital

Yo te fè Rejyon Kapital kado \$3,028,205 nan kap sipò pou senk pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vil Schenectady – \$1,000,000 pou pwojè Retabli Schenectady an, ki enkli demolisyon oswa reyamenajman 10 pwopriyete a itilizasyon miks, ki enkli depasman materyèl azade yo.
- Vil Troy – \$778,205 pou reyamenajman ak reyouvèti evantyèl teyat istorik American Theater an, ki fè pati pi gwo plan redevlopman Riverwalk vil lan.

New York Santral

Yo te fè New York Santral kado \$3,350,000 nan kap sipò pou kat pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vil Syracuse – \$2,000,000 pou refè devlopman kat batiman istorik pou vin tounen pwopriyete a itilizasyon miks yo, sa ki ap kontinye ajoute sou travay ki te fèt ak Finansman Retabli NY anvan an.
- Vilaj Phoenix – \$500,000 pou reyamenajman twa batiman ki vakan yo nan Distrik Rival Kanal lan (Canal Waterfront District).

Finger Lakes

Yo te fè rejyon Finger Lakes lan kado \$5,536,888 nan kap sipò pou nèf pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vil Rochester – \$2,000,000 pou reyamenajman sèt pwopriyete pou vin tounen batiman a itilizasyon miks yo kòm yon pati nan plan prensipal vil lan.
- Vil Batavia – \$500,000 pou demolisyon, reparasyon ak reyamenajman ansyen Estasyon Ellicott lan pou kapab kreye yon etablisman a itilizasyon miks.

Long Island

Yo te fè Long Island kado \$1,458,470 nan kap sipò pou twa pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vil Riverhead – \$500,000 pou reyamenajman ak rekonstwiksyon twa batiman yo, ki fè pati yon pwojè \$30 milyon ki enplike kreyasyon lojman ki a pri abòdab, espas lavant an detay, ak etablisman pwodiksyon manje.
- Vil Hempstead - \$458,470 pou refè devlopman pwopriyete ki te deteryore yo nan Grand Avenue pou itilizasyon miks yo.

Mid-Hudson

Yo te fè rejyon Mid-Hudson lan kado \$5,419,490 pou kapab sipòte 10 pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vil Yonkers - \$2,000,000 pou refè devlopman twa batiman ki vakan yo ki nan Wheeler Block nan anba lavil Yonkers, ki enkli yon fasad vitrin.
- Vil Kingston – \$500,000 pou demolisyon yon batiman komèsyal ak reyamenajman twa pwopriyete rezidansyèl yo. Pwojè sa pral pèmèt kreyasyon nouvo Santal Enèji dirab la (sustainable Energy Square), ak lojman ki a pri abòdab nan yon nouvo estrikti enèji zewo-nèt.

Mohawk Valley

Yo te fè Mohawk Valley kado \$4,652,915 pou kapab sipòte nèf pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vil Utica – \$1,000,000 pou reyamenajman de (2) batiman istorik pou vin tounen pwopriyete a itilizasyon miksyon yo, kòm pati nan yon pwojè \$4.5 milyon pou retounen mete batiman sa yo sou tablo enpo apre 20 an.
- Vilaj Canajoharie – \$500,000 pou demolisyon pòsyon ekstèn ansyen Santral Beech-Nut la.

North Country

Yo te fè North County kado \$4,174,000 pou kapab sipòte dis pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vil Ogdensburg – \$500,000 pou demolisyon de (2) batiman yo, ki fè pati yon pwojè ki konsantre sou Plan Zòn Opòtinite Tèren Vid vil lan (Brownfield Opportunity Area Plan).
- Vil Watertown – \$500,000 pou refè devlopman ansyen Tanp Masonik (Masonic Temple) lan pou vin tounen yon batiman a itilizasyon miksyon.

Southern Tier

Yo te fè Southern Tier kado \$4,234,750 nan kap sipò pou onz pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vilaj Owego – \$500,000 pou dekonstwiksyon ak rekonstwiksyon yon batiman ankraj nan Distrik Biznis Santral Anba Lavil Istorik vilaj la.
- Vilaj Endicott – \$500,000 pou reyamenajman de (2) ansyen lekòl, ki ap transfòme yo pou vin tounen apatman ki gen plizyè chanm yo, ak pou reyamenajman yon batiman miltifonksyon.

Rejyon Lwès New York

Yo te fè Rejyon Lwès New York kado \$7,295,257 pou kapab sipòte katòz pwojè.

Gran Pwen yo enkli:

- Vil Buffalo – \$1,912,028 pou refè devlopman Northland Corridor, ki enkli demolisyon twa estrikti ki te abandone yo ak yon pwojè lojman. Yo pral reyamenaje yon ti kanpis biznis piti pou kapab atire envestisman komèsyal.
- Vil Jamestown – \$500,000 pou reyamenajman ansyen batiman Key Bank lan, ki fè pati pari venkè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil vil lan (Downtown Revitalization Initiative).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418